

Sèvis Èd pou Lang ki Disponib

Siksè misyon Depatman-an depann de kominikasyon ki egzak yo genyen ak manm piblik-la, kèlkeswa nivo konpetans-yo nan lang anglè. Nan dat 5 avril 2012, Minis Lajistis-la te anonse règleman yo te revise pou li te asire-l anplwaye Depatman-an pran mezi ki rezonab pou bay moun konpetans-yo limite nan anglè (LEP) bon jan aksè ak pwogram ak aktivite Depatman-an.

Tanpri fè nou konnen si ou gen difikilte pou ou konprann anglè oswa si ou bezwen èd pou kominike avèk Depatman Lajistis. Mande pou yon entèprèt oswa mande si dokiman ki tradwi-a disponib lè ou kontakte nou. Si ou kapab, tanpri di nou ki lang (oswa ki dyalèk) ou pale.

Pou plis enfòmasyon sou kijan Depatman-an ap òganize-l pou li kraze difikilte moun genyen pou yo kominike youn ak lòt epi respekte [Dekrè 13166-Jan](#), tanpri konsilte Plan Depatman-an pou Aksè a Lang. Plan Aksè a Lang ki gen yon misyon espesifik ki sòti nan lòt ajans Depatman-yo disponib tou sou paj sa-a. Nou kontan akeyi kòmantè piblik pou ede nou asire règleman nou-yo aplike avèk konsistans anndan tout Depatman-an. Si ou ta renmen ban nou opinion-w oswa sijesyon-w sou Plan Aksè a Lang Depatman-an, tanpri voye yon imèl bay DOJLAWG@USDOJ.GOV. Opinyon-w pral ede nou mete sou pye pi bon pwotokòl ak pwosedi pandan nou ap kontinye aplike Plan Aksè a Lang Depatman-an.